

Septanm 2018



Chè Paran/Responsab,



Nou kontan anpil oumenm ak ptit ou a vin patisipe nan pwogram pre-K nou an ane lekòl sa a. Pwofesè ptit ou a ak administratè yo pral ede li avèk lesan enteresan ki kote l ap patisipe, pou ba li fondasyon li bezwen pou kindergarten ak pou li ka aprann pandan tout vil li. Pami efò n ap fè yo, n ap suiv pwogrè ptit ou a nan yon seri aptitud akademik ak sosyal ansanm avèk devlòpman langaj pandan tout ane lekòl la.

Nan kòmansman ane a, pwogram yo evalye timoun pou wè si yo pa gen bezwen pou devlòpman ak pou enstriksyon, jan règleman eta Nouyòk pou Pre-k inivèsèl la mande li. Pou nou ka respekte règleman sa a, se pwofesè salklas la k ap evalye timoun ki enskri nan Pre-k yo sofsi timoun lan ap resevwa sèvis edikasyon espesyal preskolè nan moman an.

Yo pa t evalye ptit ou a paske l ap resevwa sèvis edikasyon espesyal preskolè pou moman sa a. Byenke ptit ou a pa t patisipe nan evalyasyon an, pwofesè li a ap obsève li epi l ap rasanble enfòmasyon pou kenbe ou okouran pwogrè ptit ou pandan tout ane a.

Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte pwofesè ptit ou a oswa biwo nou
nan earlychildhood@schools.nyc.gov.

For more information on Early Childhood resources please visit our website at
<https://www.schools.nyc.gov/school-life/learning/grade-by-grade/early-childhood-learning>

Avèk senserite,

A handwritten signature in black ink that appears to read "Josh Wallack".

Josh Wallack

Chanselye adjwen pou edikasyon pou debitán (Early Childhood Education) ak pou enskrisyón elèv

